

ETA MASSACHUSETTS
BIWO EGZEKITIF SÈVIS SANTE AK SÈVIS IMEN YO
Depatman Sèvis Devlopmantral yo
Biwo Otis
1000 Washington Street | Boston, MA 02118



Septanm 2024

Chè Founisè Kominotè,

Kòm ou ka konnen sa deja, Biwo Otis ki fè pati Depatman Sèvis Devlopmantral (DDS) la gen yon pwogram pou **timoun pòv ki gen otis** ki rele **Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis**. Pwogram sa a sèvi timoun **ki poko gen 10 an laj** ki ranpli kondisyon medikal ak finansye yo, san wete kondisyon ki mande yo gen, oswa gen posibilite pou yo genyen, Asirans MassHealth Nòmal. Aprezan, Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis konn sèvi anviwon 500 timoun chak ane. Pwogram nan rezève yon kantite plas limite (45 plas pou tout eta a) pou timoun 3 an k ap tranzisyon soti nan Entèvansyon Bonè. Tout sèvis egzansyon yo egziye timoun nan ranpli kalifikasyon finansye ak medikal Pwogram Egzansyon an pandan tout tan yo enskri ladan l. Gen anpil timoun ki kite pwogram nan chak ane, kidonk, nou pran timoun ki sou lis Demann Ouvri pou n ranplase yo.

Jodi a, n ap mande w ede nou gaye nouvèl sou **Peryòd Demann Ouvri** pou Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis. Biwo Otis la pral **aksepte nouvo demann aplikasyon** nan men fanmi ki enterese nan pwogram sa sèlman ant dat **18 oktòb 2024 - 1 novanm 2024**. Fòk aplikasyon yo gen tenb lapòs ki di paran oswa responsab timoun yo te voye l anvan **1 novanm 2024**, oswa yo ka voye l nan imèl anvan dat sa a.

Egzansyon pou Sèvis Lakay ak Kominote sa a se yon Pwogram Medicaid fè pou bay timoun ki gen otis sèvis pandan yo rete lakay e pandan yo patisipe plènmman ak fanmi yo e nan kominote yo. Pwogram sa a jwenn yon pati nan fon li nan men gouvènman federal la. Sèvis egzansyon yo se sèvis ki anplis sèvis edikasyon espesyal Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape (IDEA) bay. Avèk ed Pwogram nan, chak fanmi ap oblije pran yon pwofesyonèl espesyalize pou l kreye yon Plan Sipò Konpòtman Pozitif, ki baze sou modèl terapi fanmi an chwazi, pou soutni bezwen timoun nan genyen, e y ap oblije pran yon anplwaye pou bay terapi konsantre dirèk ki ekri nan Plan an. Fanmi ki fè pati Pwogram nan ap gen opòtinite pou yo chwazi sèvis egzansyon tankou aktivite entegrasyon, fòmasyon fanmi ak repo fanmi, ki fèt pou ede timoun yo devlope nan domèn konpòtman, konpetans sosyal, ak kominikasyon.

Ansanm ak lèt sa a, w ap jwenn yon Aplikasyon Demann Ouvri pou Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis, ak yon Rezime Demann Ouvri pou Fanmi yo, an anglè. Fòmilè aplikasyon, avi fanmi, ak lòt materyèl parèy yo (nan plizyè lang*) ap tou disponib sou sitwèb DDS nan www.mass.gov/DDS e nan sèt Sant Sipò Otis rejyonal yo (gen yon lis Sant yo sou sitwèb DDS). Tanpri, pa ezite kontakte Biwo Otis nan AutismDivision@mass.gov oswa Sant Sipò Otis ki nan zòn ou, si w gen nenpòt kesyon an rapò ak pwosesis aplikasyon an.

Avèk respè,

Mary Kate Haswell
Manadjè Pwogram Egzansyon pou
Timoun ki Gen Otis

Stephanie Coburn
Manadjè Pwogram Egzansyon pou
Timoun ki Gen Otis